

# Gid Paran

## pou Sèvis Pwoteksyon Timoun (CPS)



**Administrasyon  
pou Zafè Timoun**

---

**Divizyon Sèvis  
Timoun ak Fanmi**



# Sa ki nan Liv la

<b>Sijè</b>	<b>Paj</b>
Kisa Sèvis Pwoteksyon Timoun (CPS) ye? .....	2
Kisa Abi ak Neglijans sou Timoun ye? .....	2
Kijan CPS Te Fè Konnen Mwen? .....	3
Ki Dwa CPS Genyen Pou Fè Entèvyou Avèk Pitit Mwen?.....	4
Kilè Lapolis Vin Konsène?.....	4
Kisa “Lagad pou Pwoteksyon” ye? .....	5
Kisa k ap Pase Lè Yo Mete Pitit Mwen nan Lagad pou Pwoteksyon?.....	5
Kisa Sèvis ki Disponib Pou Mwen Ak Pou Fanmi Mwen? .....	6
Kisa Yon Sistèm Repons Altènatif (ARS) Ye?.....	7
Ki Dwa Mwen Genyen Lè CPS Ap Fè Ankèt Sou Mwen?.....	8
Ki Dwa Mwen Genyen Si Mwen Pa Dakò Kijan CPS Ap Jere Dosye Mwen? .....	9
Kisa Plasman Deyò Lakay Ye?.....	10
Kisa Yon “Depandans” Ye?.....	11
Ki Dwa Mwen Genyen Kòm Yon Paran Lè Yo Mete Pitit Mwen Nan Swen Deyò Lakay Mwen Oswa Lè Yo Jwenn Li Depandan? .....	11
Ki Dwa Pitit Mwen Genyen? .....	13
Kisa Yo Egziye Mwen?.....	14
Kijan Mwen Kapab Repran Pitit Mwen? .....	15
Èske Mwen Bezwen Yon Avoka? .....	16
Kijan Mwen Planifye Pou Avni Pitit Mwen?.....	17
Kisa “Sispansyon Dwa Paran” Ye? .....	17
Kisa Yon Moun Kapab Fè Si Gen Dezakò Avèk Travayè Sosyal CPS la Konsènan Desizyon ki Pran Sou Dosye a? .....	18
Ki Kote Yon Moun Kapab Jwenn Plis Enfòmasyon? .....	19
Règleman Kont Pratik Diskriminasyon .....	20

## **Kisa Sèvis Pwoteksyon Timoun (CPS) Ye?**

CPS se youn nan aktivite anplwaye ki nan Divizyon Sèvis Timoun ak Fanmi (DCFS) Depatman Sèvis Sosyal ak Sante (DSHS). CPS responsab pou pwoteje timoun kont abi oswa neglijan.

Anplwaye CPS yo gen obligasyon dapre lalwa pou fè ankèt sou rapò abi oswa neglijan yo sispèk ki fèt sou timoun, yon prensip ki satisfè definisyon legal abi oswa neglijan sou timoun.

## **Kisa Abi ak Neglijan sou Timoun (CA/N) Ye?**

### **Gen plizyè kalite CA/N:**

Abi fizik gen ladan nenpòt chòk sou yon timoun ki pa fèt pa erè (zo kase, grafouyen, boule, blesi ak lòt chòk), oswa nenpòt aksyon ki ta ka fè domaj grav sou timoun nan, men erezman ki pa t fè sa (frape yon timoun avèk yon zam, dechaje yon revòlvè an prezans yon timoun, oswa lòt aksyon sanblab).

Abi emosyonèl gen ladan fè yon timoun santi ou pa renmen li oswa fè timoun santi li pa bon oswa li pa gen valè (imilye oswa rabese yon timoun, pa kite yon timoun gen zanmi, bay timoun nan vye non, ak lòt konduit sanblab). Yo ka konsidere ensidan vyolans nan kay kòm abi emosyonèl pou timoun yo.



Men sa ki ka gen nan neglijan: lè ou pa bay yon bon kay, manje, rad, oswa swen medikal/dantè, ak lè ou kite yon jèn timoun poukont li oswa lè ou kite li avèk yon moun ki pa anmezi pou pran swen li, lè ou kondi machin pandan ou sou avèk yon timoun ki pa tache nan machin nan, elatriye. Lè ou kite pi gran timoun yo san sipèvizyon yo kapab konsidere kòm neglijan tou.

Abi seksyèl gen ladan itilizasyon yon timoun pou fè sèks, fè foto pònografik yon timoun, mete yon timoun nan pwostitisyon, oswa lòt kalite aktivite seksyèl avèk yon timoun.

Gen lòt aksyon yo kapab konsidere kòm kèk kalite abi ak neglijan sou timoun, epi, nan chak ka, yo dwe konsidere si sante, sekirite oswa byennèt timoun domaje oswa si li nan risk pou pran domaj.

### **Kijan CPS Te Fè Konnen Mwen?**

CPS te resevwa yon rapò ki endike pitit ou yo pa jwenn pwoteksyon oswa swen yo bezwen.

“

**Yon moun ki  
fè yon rapò  
ba CPS ka  
mande pou  
yo pa devwale  
non li.**

”

Kèk moun, tankou doktè, enfimyè, pwofesè lekòl, konseye sèvis sosyal, sikològ, famasyen, ofisye pwobasyon jivenil, anplwaye DSHS, anplwaye Depatman Koreksyon, doktè lejis, ak adilt k ap viv avèk yon timoun ki viktim abi oswa neglijan grav gen obligasyon dapre lalwa pou rapòte abi oswa neglijan yo sispèk ba CPS oswa ba lapolis (RCW 26.44.030).

Nenpòt lòt moun ki kwè yon timoun viktim abi oswa neglijan ka rapòte ensidan yo avèk onètete ba CPS oswa ba lapolis. Fo rapò malveyan oswa entansyonèl se yon deli, epi yo kapab pouswiv yon moun lajistis pou sa (RCW 26.44.060(4)). Rapòte otorize yo gen obligasyon pou fè rekòmandasyon yo nan 48 èdtan ki vini apre lè yo vin konnen CA/N ki posib la.

Yon moun ki fè yon rapò ba CPS ka mande pou yo pa devwale non li.

## **Ki Dwa CPS Genyen Pou Fè Entèvyou Avèk Pitit Mwen?**

Lalwa otorize CPS pou fè ankèt sou rapò abi oswa neglijan yo sispèk ki fèt sou yon timoun. Pou kapab mennen yon ankèt konplè, travayè sosyal CPS ap vle pale avèk ou ak pitit ou, epi avèk lòt moun ki ka gen enfòmasyon enpòtan. CPS gen dwa pou fè entèvyou avèk pitit ou anvan li di ou sa epi san pèmision ou. Yo ka fè entèvyou avèk timoun yo nan lekòl, nan gadri, lakay yo, oswa nenpòt kote ki bon ak konfòtab pou timoun nan.

Si CPS te fè entèvyou avèk pitit ou, y ap fè ou konnen sa san pèdi tan.

CPS ak lapolis gen otorizasyon tou pou fè foto yon timoun jan li nesèsè pou montre kondisyon fizik timoun nan.

Aprè yon ankèt ki gen ladan yon evalyasyon pwen fò fanmi an ak risk pou timoun nan (yo), travayè sosyal la ka kontinye vini lakay ou pou pale sou nenpòt pwoblèm ou genyen avèk pitit ou, epi ki èd ki disponib pou ede ou fè bagay yo pi byen pou ou ak pou fanmi ou.

## **Kilè Lapolis Vin Konsène?**

Yon rapò abi/neglijan ki sispèk ka ale swa nan CPS oswa nan lapolis lokal la. Lapolis gen obligasyon pou fè CPS konnen tout rapò yo resevwa. Anplwaye CPS yo gen obligasyon pou fè lapolis konnen tout rapò ki endike lanmò, chòk fizik, abi seksyèl sou yon timoun, oswa lòt krim posib.

Lapolis ka vin konsène si li vin nesèsè pou mete yon timoun nan lagad pou pwoteksyon. Nou ka mande lapolis pou ede nou tou lè gen rezon pou nou konsène pou sekirite travayè sosyal CPS la.

“

**Lapolis ka vin konsène si li vin nesèsè pou mete yon timoun nan lagad pou pwoteksyon.**

”

Menmsi anplwaye CPS yo ak lapolis ap travay ansanm, yo ka fè ankèt yo apa. Lapolis fè ankèt kriminèl yo, epi CPS fè evalyasyon fanmi yo. Menm lè CPS pa fè akizasyon kriminèl yo, li ka rete angaje avèk fanmi an.

### **Kisa “Lagad pou Pwoteksyon” Ye?**

Nan yon sitiyasyon ijan, kote sanble yon timoun nan risk pou pran domaj, oswa si timoun te deja viktim abi oswa neglijan grav, yon ofisye lapolis kapab mete timoun lan nan “lagad pou pwoteksyon” pou egzakteman 72 èdtan (san konte jou samdi, jou dimanch, ak jou ferye yo). Answit, y ap transfere lagad timoun nan ba CPS k ap mete timoun nan swa nan yon plasman lakay manm fanmi li oswa nan yon mezon plasman ki gen lisans.



Yon odyans nan tribinal dwe fèt nan 72 èdtan (san konte jou samdi, jou dimanch, ak jou ferye yo) ki vini apre lè yo mete timoun lan nan lagad.

### **Kisa k ap Pase Lè Yo Mete Pitit Mwen nan Lagad pou Pwoteksyon?**

Lè yo mete pitit ou nan lagad pou pwoteksyon, ou resevwa yon notifikasyon pou sa alekri san pèdi tan. N ap ba ou yon fòm k ak fè ou konnen kilè ak pou kisa nou te mete pitit ou nan lagad pou pwoteksyon. N ap ba ou non ak nimewo telefòn travayè sosyal CPS ak/oswa biwo kote ou kapab jwenn plis enfòmasyon. N ap fè ou konnen kilè ak ki kote yo pral fè yon odyans pou mete pitit ou nan yon fanmi plasman, ak kijan ou kapab jwenn yon avoka tribinal la deziyen.

Nan Odyans pou mete Pitit Ou nan yon Fanmi Plasman, ou gen opòtinite pou fè tribinal la konnen pou kisa pitit ou pa ta dwe rete deyò lakay ou. Si jij la oswa komisè a dakò avèk ou, pitit ou ap retounen vin jwenn ou.

Si odyans lan fèt devan yon komisè lajistis, ou gen dwa pou fè yon jij tribinal siperyè revize desizyon komisyon lajistis la. Pou jwenn revizyon sa a, ou dwe fè yon pwopozisyon pou revizyon nan tribinal la nan 10 ki vini apre komisè lajistis la te pran desizyon an.

DCFS ka detèmine yon desizyon tribinal la pa nesèsè menm apre lapolis fin pran desizyon pou mete yon timoun nan lagad pou pwoteksyon. Nan ka sa yo, nou ka mande ou pou siyen yon akò pou plasman volontè ki dwe anplas jouk lè pwoblèm yo kapab rezoud. Oswa pitit ou (yo) ka retounen avèk ou avèk sèvis ki lakay ou.

## **Kisa Sèvis ki Disponib Pou**

### **Mwen Ak Pou Fanmi Mwen?**

DSHA ofri anpil sèvis pou rezoud pwoblèm yo. DSHS ofri kèk sèvis dirèkteman, epi yo ofri lòt sèvis yo nan kominote a. CPS ofri sèvis li yo pou gratis san li pa konsidere kantite lajan w ap touche. Men, si fanmi ou jwenn rekòmandasyon pou ale nan yon lòt ajans k ap fè ou peye yon frè, ou ka gen obligasyon pou peye frè a. Sèvis deyò lakay tankou swen nan fanmi plasman ap lakòz depans ou ka gen pou fè.

Men kèk nan sèvis travayè sosyal CPS ka anmezi pou ede fanmi ou jwenn: (Se pa tout sèvis sa yo k ap disponib nan chak kote.)

- Lojman/rad/asistans finansye limite
- Sèvis sante/swen medikal/swen dantè



**CPS ofri sèvis li yo pou gratis san li pa konsidere kantite lajan w ap touche.**





- Sèvis Sipò nan Kay
- Gadri
- Sèvis pou jwenn travay
- Klas pou edikasyon timoun
- Sèvis planing familyal
- Sèvis transpò
- Sèvis Sante mantal
- Konsèy pou fanmi ak pou moun ki marye
- Bank alimantè
- Sèvis legal
- Pwogram pou moun ki fè abi dwòg ak lakòl
- Asistans volontè: èd pou paran, Paran Anonim
- Pwogram pou moun ki viktim Vyolans nan Kay/Kadejak

### **Kisa Yon Sistèm Repons Altènatif (ARS) ye?**

Nan Eta Wachintonn, yo evalye rapò CPS yo avèk yon modèl Evalyasyon Risk. Si enfòmasyon yo bay pou travayè akèy la endike yon fèb nivo risk pou pitit ou, n ap voye dosye ou ba yon ajans deyò ki gen kontra avèk CPS pou ofri sèvis sipò espesyal pou ede ou devlope yon rezo toutotou oumenm ak pitit ou k ap asire pwoteksyon pou pitit ou ak sipò emosyonèl ak lòt kalite sipò pou ou.

Ou patisipe avèk yon founisè ARS si ou vle, epi ou ka refize aksepte sèvis yo. Men, founisè sa yo kapab souvan ede ou jwenn sèvis k ap ede ou ak

pitit ou yo vin pi kontan ak pi alèz. Nou kwè, si ou jwenn kalite sipò ou bezwen nan kominote a, ou p ap vin yon kliyan CPS.

## **Ki Dwa Mwen Genyen Lè CPS**

### **Ap Fè Ankèt Sou Mwen?**

Kèlkeswa lè depatman an ap fè yon ankèt sou yon rapò abi oswa neglijans sou timoun dapre chapit 26.44 RCW, depatman an dwe fè moun yo akize kòm kriminel la (yo) konnen rapò a ak rezilta ankèt depatman an. Notifikasyon an fèt nan kourye sètifye ki ale nan dènye adrès yo konnen pou moun nan.

Genyen twa (3) rezilta posib. Jistifye vle di travayè sosyal ki te fè ankèt la te jwenn ase enfòmasyon pou kwè gen plis chans pase pa gen chans pou te gen abi oswa neglijans ki sipoze a. Pa jistifye vle di travayè sosyal ki te fè ankèt la te jwenn ase enfòmasyon pou kwè gen plis chans pase pa gen chans pou pa t gen abi oswa neglijans ki sipoze a. Endesizif vle di travayè sosyal ki te fè ankèt la pa t anmezi pou detèmine si te genyen oswa si pa t genyen abi oswa neglijans ki sipoze a.

Si yo lonmen non ou kòm yon moun ki nan yon rapò abi oswa neglijans sou timoun ki jistifye, ou gen dwa pou mande pou yo revize oswa chanje rezilta a. Nan ven (2) jou almannak ki vini apre lè ou fin resevwa avi depatman an, ou ka mande pou depatman an revize rezilta a. Ou dwe fè demann lan alekri. Si ou pa fè demann ou pou yon revizyon nan dat limit ki obligatwa a, ou pa ka konteste rezilta a ankò, epi ou p ap gen dwa pou yon odyans jiridiksyonèl oswa pou yon revizyon jidisyèl rezilta a.

Depi depatman an resevwa yon demann alekri pou yon revizyon, l ap fè revizyon an, epi si li apwopriye, l ap chanje rezilta a. Anplwaye kontwòl

rejyonal yo responsab pou fè revizyon an. Depi revizyon an fin fèt, depatman an ap fè ou konnen desizyon ajans lan alekri. Y ap voye avi a ba ou nan kourye sètifye nan dènye adrès yo konnen pou ou.

Si rapò a toujou jistifye apre revizyon ajans lan, ou ka mande pou gen yon odyans jiridiksyonèl pou konteste rezilta a. Ou dwe fè yon demann pou odyans jiridiksyonèl nan trant (3) jou apre ou fin resevwa avi sou desizyon ajans lan pran nan revizyon an. Si ou pa fè demann ou pou yon odyans jiridiksyonèl nan dat limit ki obligatwa a, ou pa ka konteste rezilta a ankò, epi ou p ap gen dwa pou yon lòt revizyon ajans lan, oswa pou yon revizyon jiridiksyonèl, oswa pou yon revizyon jidisyè rezilta a.

### **Ki Dwa Mwen Genyen Si Mwen Pa Dakò Kijan CPS Ap Jere Dosye Mwen?**

Yon premye enkyetid CPS pou asire tout moun ki gen pou wè avèk ajans lajan jwenn tretman san patipri epi avèk respè. Pou rezon sa a, nou gen yon Règleman ak Pwosedir Plent Sitwayen ak yon tiliv espesyal ki prezante metòd pou asire enkyetid yo abòde nan yon mannyè ki òdone, san patipri, epi apwopriye. Oumenm, pitit ou, yon manm fanmi ou, yon pwofesyonèl ki nan kominote a, oswa nenpòt moun ki konnen sitiyasyon an kapab abòde enkyetid sou fason yo travay sou dosye ou.

Si ou gen yon plent oswa yon enkyetid konsènan fason CPS travay oswa fason y ap travay sou dosye ou, ou ta dwe toudabò fè konnen enkyetid la ba travayè sosyal yo mete sou dosye a. Si sa pa rezoud pwoblèm nan, ou kapab kontakte sipèvizè travayè sosyal la dirèkteman. Si sipèvizè a pa kapab rezoud pwoblèm yo, ou kapab kontakte Administratè Zòn nan, epi apre sa, ou kapab kontakte Administratè Rejyonal la. Ou ka kontakte

Biwo Relasyon avèk Elektè nan nimewo 1-800-723-4831 pou jwenn èd pou rezoud pwoblèm nan nenpòt kilè.

Nenpòt moun ka fè yon plent tou nan Biwo Medyasyon Fanmi ak Timoun nan nimewo 1-800-571-7321. Biwo sa a se yon ajans ki apa avèk DSHS, epi li gen otorizasyon pou fè ankèt sou nenpòt enkyetid sou desizyon Administrasyon pou Zafè Timoun yon sitwayen prezante nan Eta Wachintonn. Anjeneral, Medyatè a mande pou yo itilize pwosedi pou rezoud plent entèn nan anvan pou biwo sa a vin konsène nan plent lan.

### **Kisa Plasman Deyò Lakay Ye?**

Souvan, lè fè rapò ba CPS konsènan yon timoun, yo pa retire timoun nan lakay li. Yo mete timoun yo lwen paran yo sèlman lè li vin nesèsè pou pwoteje yo kont mal imedyat oswa kont abi oswa neglijan k ap kontinye.

Anjeneral, yon manm fanmi apwopriye se plasman yo pi pito pou yon timoun. Si manm fanmi apwopriye a pa disponib, y ap mete timoun lan nan yon mezon plasman ki gen lisans. Paran adoptif yo ofri swen jou-apre-jou pou timoun yo, epi paran sa yo resevwa peman chak mwa pou ranbousman lajan yo depanse pou pran swen timoun nan. Yon travayè sosyal sipèvize timoun nan ak paran adoptif yo pandan tout tan plasman an.

Kèk timoun gen pwoblèm grav ki lakòz yo pa kapab viv nan yon sitiyasyon fanmi. Yo ka mete timoun sa yo nan yon kay an gwoup oswa nan yon sant tretman. Anviwònman sa yo pi byen ekipe pou pran swen timoun ki gen twoub konpòtman, oswa ki gen pwoblèm sante mantal.

“  
**Kèk timoun  
 gen pwoblèm  
 grav ki lakòz  
 yo pa kapab  
 viv nan yon  
 sitiyasyon  
 fanmi.**”

### **Kisa Yon “Depandans” Ye?**

Nan ka kin trè grav, depatman an oswa nenpòt lòt moun ka fè yon petisyon nan tribinal la pou fè konnen:

- yo abandone yon timoun;
- yon timoun viktim abi oswa neglijan;
- yon timoun pa gen paran, responsab legal, oswa gadyen ki kapab pran swen timoun nan.

Tribinal la ap fè yon odyans pou detèmine si youn nan rezon sa yo egziste pou depandans lan. Tribinal la ap deside tou si timoun nan ta dwe rete lakay li oswa nan plasman deyò lakay li, epitou kimoun ki dwe sipèvize

timoun nan pandan peryòd tan tribinal la konsène a. Lòd pwovizwa sa a tribinal la adopte a rele yon “depandans.”



Odyans revizyon depandans lan fèt chak sis (6) mwa pou wè kijan plan tribinal la pou reyini fanmi an ap vanse byen, epitou pou wè si patisipasyon tribinal la bezwen kontinye

oswa pa bezwen kontinye.

### **Ki Dwa Mwen Genyen Kòm Yon Paran Lè Yo Mete Pitit Mwen Nan Mezon Plasman De yò Lakay Mwen Oswa Lè Yo Jwenn Li Depandan?**

Paran yo gen kèk lòt dwa, sof si yon tribinal pran yon lòt desizyon.

Si yo mete yon timoun nan lagad pou pwoteksyon, ou gen dwa pou jwenn notifikasyon nan yon mannyè ki apwopriye, epitou pou jwenn enfòmasyon sou rezon ki lakòz yo te fè plasman timoun nan.

Si yo mete pitit ou nan yon plasman deyò lakay li (swen nan mezon plasman, kay an gwoup, oswa enstitisyon), ou gen dwa pou vizite pitit ou, sof si tribinal la pran yon lòt desizyon. Anjeneral, desizyon tribinal la ap detèmine kantite fwa ak kote pou fè vizit sa yo.

Ou kapab toujou konteste nenpòt desizyon ki limite oswa ki refize dwa ou pou vizite pitit ou.

CPS ap fè tout sa ki nan pouvwa li pou toujou ba ou enfòmasyon sou pwogrè sante ak devlopman pitit ou, sou pwogrè li nan lekòl, ak sou konpòtman li. Pou sa fèt, ou bezwen toujou fè travayè sosyal CPS la konnen kondisyon lojman ou.

Ou gen dwa pou konnen kisa yo mande pou pitit ou kapab retounen lakay ou apre yon plasman deyò lakay ou.

Ou gen dwa pou yo kontakte ou kèlkeswa lè yon anvizaje yon chanjman nan plan entèkansyon ki afekte ou oswa pitit ou.

Ou gen dwa pou resevwa èd ak/oswa konsèy pou pwoblèm ki bezwen rezoud yo.

Ou gen dwa pou resevwa avi davans pou nenpòt odyans ak pou patisipe nan nenpòt odyans tribinal ap fè konsènan pitit ou, oswa ki afekte dwa ou kòm paran (sof si tribinal la pran desizyon nan yon ijans).

Ou gen dwa pou mande yon odyans tribinal pou mete pitit ou nan yon fanmi plasman, pou rezon ki valab, pou patisipe nan odyans lan nan 72 èdtan.

“

**Ou gen dwa  
pou resevwa  
èd ak/oswa  
konsèy pou  
pwoblèm  
ki bezwen  
rezoud yo.**

”

Ou gen dwa pou resevwa yon desizyon pou chak odyans ki baze sèlman sou prèv yo prezante nan odyans lan avèk yon jij oswa yon anketè ki san patipri.

Ou gen dwa pou pran yon avoka kèlkeswa lè gen pwosedi tribinal. Si ou pa kapab pran yon avoka, travayè sosyal CPS ap ba ou enfòmasyon sou fason pou tribinal la deziyen yon avoka pou.

Tout kliyan yo gen dwa pou jwenn sèvis yo nan lang yo pito, ak nan manyè ki respekte kilti yo.

### **Ki Dwa Pitit Mwen Genyen?**

**Pitit ou gen dwa tou. Pami dwa yo, genyen:**

- Dwa pou manje, kay pou li rete, ak rad pou satisfè bezwen li yo.
- Dwa pou pwoteksyon ak libète kont mal, asèlman, danje, chòk, ak neglijan.
- Dwa pou jwenn sekirite emosyonèl.
- Dwa pou swen sante, ki gen ladan dyagnostik ak tretman kondisyon medikal, kondisyon dantè ak kondisyon emosyonèl.
- Dwa pou gen yon pwoteje dwa li yo pandan nenpòt pwosesis tribinal. Tribinal la ka deziyen yon moun ki rele “yon gadyen legal” pou ede pwoteje dwa timoun nan. Sa ap fèt si tribinal la pran nenpòt kalite desizyon.

## Kisa Yo Egzije Mwen?

### Ou gen sèten responsablite:

- Pou bay timoun nan rad ak atik pèsònèl ki nesèsè (pijama, jwèt, oswa lòt atik) pou ede pitit ou vin pi alèz si li nan plasman deyò lakay ou.
- Pou vizite pitit ou regilyèman, nan yon lè ak kote ou dakò avèk anplwaye CPS yo. Si ou dwe pa fè yon vizit, ou gen responsablite pou fè travayè sosyal CPS la konnen sa davans.
- Pou travay avèk anplwaye CPS yo pou kreye plan pou avni pitit ou, tankou mezi ou bezwen pran yo.
- Pou travay pou ka rezoud pwoblèm ki te lakòz abi a oswa neglijan lan. Si travayè sosyal CPS la ak/oswa tribinal la rekòmande ou pou ale yon kote pou jwenn èd pou yon pwoblèm, ou ta dwe fè swiv rekòmandasyon an, oswa ou ta dwe pale avèk travayè sosyal la konsènan enkyetid ou yo.
- Pou toujou bay travayè sosyal la enfòmasyon sou chanjman nan lavi ou, tankou yon nouvo adrès ak yon nouvo nimewo telefòn, yon chanjman nan kondisyon travay ou, maryaj/divòs, oswa lòt chanjman ki ka afekte plan an pou pitit ou.
- Pou toujou ale nan randevou yo avèk anplwaye CPS yo, epitou avèk lòt pwofesyonèl k ap ede ou yo. Si ou pa kapab ale nan yon randevou, oswa si ou dwe anile yon randevou, fè travayè CPS la konnen sa davans.
- Pou bay enfòmasyon konsènan pitit ou, tankou swen medikal li te resevwa anvan, sitiyasyon li nan lekòl, oswa lòt enfòmasyon ki ka afekte plan an pou pitit ou.





**CPS vle kite pitit ou lakay ou depi kay la se yon kote ki pwoteje pou timoun nan.**



- Pou pale osijè swen ak pwogrè pitit ou avèk anplwaye CPS yo.
- Pou patisipe nan depans pou bay swen pou pitit ou.

### **Kijan Mwen Kapab Repran Pitit Mwen?**

CPS vle kite pitit ou lakay ou depi kay la se yon kote ki pwoteje pou timoun nan. CPS te pran mezi pou mete pitit ou nan plasman deyò lakay ou sèlman paske sitiyasyon nan kay la te kreye yon gwo risk oswa sitiyasyon nan kay la te mete pitit ou nan danje imedyat. Petisyon pou depandans la, oswa petisyon ou resevwa yon kopi ladan an, dekri kondisyon travayè sosyal la te panse ki te mete pitit ou an danje a. Si ou pa konprann sa ki endike nan petisyon an, mande travayè sosyal ou oswa avoka ou pou eksplike ou petisyon an. Pou pitit ou a (yo) ka retounen vin jwenn ou, ou fèt pou rezoud kondisyon ki dekri nan petisyon an.

### **Pi bon fason yo pou reyalize sa se:**

- Prezante nan tribinal la chak fwa gen yon odyans sou pitit ou. Si ou pa patisipe nan yon odyans, jij la ka entèprete absans ou vle di ou pa enterese pou sa ki pase pitit ou a.
- Respekte desizyon tribinal la. Nenpòt desizyon tribinal la pran konsènan pitit ou a (yo) ap gen ladan yon plan entèvansyon ki gen egzijans espesifik pou ou. Si tribinal la deside pou patisipe nan klas pou aprann kontwòl kòlè ou, oswa pou swiv tretman pou abi estipefyan, fè sa, menmsi ou panse ou pa bezwen sa. Ou ka sezi nan sa ou kapab aprann pou tèt ou nan klas yo oswa nan tretman an.

- Fè kondisyon yo vin fasil pou pitit ou ka tounen lakay ou. Sa ka vle di pou mande yon lòt moun pou sòti lakay ou. Oswa sa ka vle di pou rezoud pwoblèm ou genyen yo. Oswa sa ka vle di pou pran mezi pou amelyore kondisyon w ap viv lakay ou. Tribinal la ap kite pitit ou retounen lakay ou jouk lè kondisyon yo fasil pou sa fèt.

### Èske Mwen Bezwen Yon Avoka?

Ou libelibè pou pran yon avoka nenpòt kilè si ou vle. Men, ou kapab jwenn yon avoka tribinal la deziyen, sof si gen yon petisyon ki fèt pou depandans.

Si gen yon petisyon ki fèt pou depandans, ou bezwen yon avoka, epi si ou pa gen mwayen pou pran youn, tribinal la ap deziyen youn pou ou. Si yo mete pitit ou nan lagad pou pwoteksyon, avi ou resevwa alekri a ap fè ou konnen kijan pou mande pou yon avoka. Si ou pa konprann, kontakte travayè sosyal CPS ou oswa Tribinal Jivenil lan.

Avoka a ap reprezante enterè ou nan tribinal la. Asire ou pale avèk avoka ou anvan chak odyans pou li konnen kijan pou li pi byen reprezante ou. Si oumenm ak lòt paran timoun nan pa marye oswa si n ap viv apa, tribinal la ka deziyen avoka apa pou nou toul 8de.

Pitit ou ka gen yon “gadyen legal” ki deziyen pou reprezante pi bon enterè li. Moun sa a ka vle pale avèk ou. Si li vle pale avèk ou, l ap pi anmezi pou reprezante pitit ou si ou rapòte sa ou konnen sou pitit ou.



Yon avoka Biwo Pwokirè Jeneral bay ap reprezante travayè sosyal CPS ki afekte sou dosye ou a.

## Kijan Mwen Planifye Pou Avni Pitit Mwen?

Li trè enpòtan pou gen yon kay pèmanan pou yon timoun. Si ou te nan yon kay plasman oswa si ou te kite kay yon manm fanmi pou ale nan kay yon lòt fanmi lè ou te timoun, ou kapab konprann kijan sa enpòtan pou pitit ou.

“

**Sispansyon  
dwa paran vle  
di paran an  
pa gen okenn  
dwa ankò,  
oswa li pa gen  
okenn respon-  
sablite pou  
timoun nan.**

”

CPS konprann kijan pèmanans enpòtan pou yon timoun tou. Anjeneral, se pou yon ti tan yo retire yon timoun nan fanmi li. Objektif CPS se pou mete yon pwen final nan plasman pwovizwa, epitou pou asire timoun nan gen yon sitiyasyon pwoteje nan pwòp lakay li.

Ou kapab ede pitit ou si ou travay avèk CPS pou devlope ak ekri yon plan. Plan sa a ta dwe gen ladan pwoblèm oumenm ak CPS te diskite sou yo. Plan an ta dwe endike kisa ki dwe fèt pou korije pwoblèm yo, kimoun k ap fè sa, epi pandan konbyen tan sa ap fèt.

## Kisa “Sispansyon Dwa Paran” Ye?

Sispansyon dwa paran vle di paran an pa gen okenn dwa ankò, oswa li pa gen okenn responsablite pou timoun nan. Paran an pa ta gen dwa legal pou wè oswa pou vizite timoun nan, li pa ta gen dwa pou lagad timoun nan, li pa ta gen dwa pou deside pou avni timoun nan. Tribinal la gen otorizasyon pou deside mete yon pwen final nan dwa legal paran an sou pitit li.

Nan kèk ka, yon paran ka bay yon timoun avèk volonte li pou adopsyon depi li siyen yon dokiman legal kin rele “Abandon Dwa Paran.” Siyen dokiman sa a se yon zafè ki serye. Ou ta dwe reflechi sou sa avèk anpil prekosyon, epitou ou ta dwe diskite sou sa nèt avèk travayè sosyal CPS ak yon avoka.

### **Tribinal la ka mete yon pwen final nan dwa paran yo san li pa jwenn pèmisyon pou sa, lè:**

- tribinal la detèmine yon depandans egziste;
- tribinal la egzije sèvis yo pou korije pwoblèm ki lakòz depandans lan ak lè pwoblèm yo toujou egziste;
- pitit ou te deyò nan fanmi plasman pandan 12 èdtan, epi ou pa t fè pwogrè ase pou kite pitit ou retounen san pwoblèm lakay ou nan yon tan ki pa lwen;
- yo ofri ak bay sèvis tribinal la te egzije yo;
- gen yon to chans pou kondisyon yo amelyore pou timoun nan kapab retounen lakay ou; epi
- kontinyasyon relasyon ant paran an ak timoun nan ap fè li pi difisil pou jwenn yon kay pèmanan pou timoun nan.

Nenpòt lè yo sispann dwa yon paran, travayè sosyal DCFS la ap travay pou jwenn yon plasman pèmanan pou timoun nan.

### **Kisa Yon Moun Kapab Fè Si Gen Dezakò Avèk Travayè Sosyal CPS la Konsènan Desizyon ki Pran Sou Dosye a?**

Anjeneral, diskisyon lib avèk anplwaye CPS yo kapab rezoud pifò dezakò yo. Men, si dezakò yo pa rezoud nan nivo sa a, nenpòt moun kapab kòmanse pwosesis plent ki te diskite anvan nan tiliv sa a.

Si gen yon depandans ki konsène, toulède paran yo ak timoun yo ta dwe fè avoka pa yo konnen dezakò a. Anplwaye CPS yo ap bay enfòmasyon sa yo tou pou avoka departman an.

**Si yo pa jwenn yon rezolisyon avèk pwosesis sa yo, nenpòt moun ka kontakte:**

- Biwo Medyatè Fanmi ak Timoun, nan nimewo 1-800-571-7321, oswa Biwo Relasyon avèk Elektè Administrasyon pou Zafè Timoun nan nimewo 1-800-723-4831, oswa (360) 902-8061.
- Si moun nan kwè pwoblèm nan endike yon vyolasyon dwa sivil li, li kapab kontakte lòt ajans yo:
- Biwo pou Dwa Sivil, Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini, 1-800-362-1710; TDD (206) 615-2296.
- Komisyon Eta Wachintonn pou Dwa Moun; 1-800-605-7324, Seattle; 1-800-233-3247, Olympia; 1-800-662-2755, Yakima.
- Divizyon Aksè ak Opòtinite Egalego, Depatman Sèvis Sosyal ak Sèvis Sante Wachintonn; 1-800-521-8060, TDD, 1-800-521-8061.



Tout règleman, pwosedi ak liv DCFS yo se dosye piblik, epi ou kapab wè yo nan nenpòt biwo lokal. Tanpri rele davans, epi pran yon randevou pou yo kapab mete dènnye liv yo disponib pou ou, epitou yon moun kapab la tou pou reponn kesyon ou yo.

Ou kapab jwenn lwa yo, ki rele Kòd Revize Wachintonn (RCW) nan seksyon referans pi gwo bibliyotèk yo. Yon avoka kapab ede ou jwenn yo, oswa ou kapab jwenn yo nan Palè Jistis Konte a. W ap jwenn seksyon ki aplike pou CPS yo nan Chapit 13.34, 26.44, ak 74.13.

Moun ki konsène dirèkteman nan yon ankèt CPS kapab revize pwòp dosye yo depi yo pran yon randevou pou sa, oswa si yo fè demann lan

nan biwo lokal DCFS. Yo dwe efase sèten enfòmasyon nan dosye sa yo anvan pou kliyan yo ka wè yo.

### **Règleman Kont Pratik Diskriminasyon**

Administrasyon pou Zafè Timoun gen règleman pou okenn moun pa dwe viktim pratik diskriminasyon, pou pa eskli okenn moun nan patisipasyon, oswa pou pa bay okenn moun refi pou avantaj nan nenpòt nan pwogram oswa aktivite li yo, oswa nan pwogram oswa aktivite ajans li gen kontra avèk li yo, akòz ras moun nan, koulè li, peyi kote li fèt, kwayans li, relijyon li, si li se fanm oswa gason, sitiyasyon fanmi li, laj li, andikap li, si li se veteran nan epòk lagè Vyetnam, si li se veteran ki andikape, vanjans, preferans seksyèl li, oswa itilizasyon yon chyen-gid oswa bèt-sèvis ki antrene. Y ap bay aranjman rezonab pou moun andikape, tankou entèprèt ak dokiman sou fòm altène depi moun nan fè demann lan..

- Kliyan ki kwè yo Administrasyon pou Zafè Timoun pratike diskriminasyon kont yo ka fè yon plent nan nenpòt nan ajans sa yo:
- Biwo pou Dwa Sivil, Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini, 1-800-362-1710; TDD (206) 615-2296.
- Komisyon Eta Wachintonn pou Dwa Moun; 1-800-605-7324, Seattle; 1-800-233-3247, Olympia; 1-800-662-2755, Yakima.
- Divizyon Aksè ak Opòtinite Egalego, Depatman Sèvis Sosyal ak Sèvis Sante Wachintonn; 1-800-521-8060, TDD, 1-800-521-8061.



